إِنَّ الْحَمْدَ للهِ نَحْمَدُهُ وَنَسْتَعِيْنُهُ وَنَسْتَغْفِرُهُ وَنَعُوْذُ بِهِ مِنْ شُرُوْرِ أَنْفُسِنَا وَمِنْ سَيِّئَاتِ أَعْمَالِنَا، مَنْ يَهْدِهِ اللهُ فَلَا مُضِلَّ لَهُ، وَمَنْ يُضْلِلْ، فَلَا هَادِيَ لَهُ , أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيْكَ لَهُ، وَأَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّدًا عَبْدُه ورَسُولُهُ. اَللَّهُمَّ صَلِّى وَسَلِّمْ وَبَارِكْ عَلَى نَبِيِّنَا مُحَمَّدٍ وَ عَلَى اَلِهِ وَأَصْحَابِهِ وَمَنْ تَبِعَهُ بِإِحْسَانٍ إِلَى يَوْمِ الدِّيْن . أَمَّا بَعْدُ. يَاأَيُّهَا النَّاسُ اتَّقُوا رَبَّكُمُ الَّذِي خَلَقَكُمْ مِنْ نَفْسٍ وَاحِدَةٍ وَخَلَقَ مِنْهَا زَوْجَهَا وَبَثَّ مِنْهُمَا رِجَالا كَثِيرًا وَنِسَاءً وَاتَّقُوا اللهَ الَّذِي تَسَاءَلُونَ بِهِ وَالأَرْحَامَ إِنَّ اللهُ كَانَ عَلَيْكُمْ رَقِيبًا. قَالَ اللهُ تَعَالَى : أَعُوذُ بِاللهِ مِنَ الشَّيْطَانِ الرَّجِيْمِ بِسْمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحْمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ. وَمِنْ ءَايَٰتِهِ ٱلَّيْلُ وَٱلنَّهَارُ وَٱلشَّمْسُ وَٱلْقَمَرُۚ لَا تَسْجُدُواْ لِلشَّمْسِ وَلَا لِلْقَمَرِ وَاسْجُدُواْ لِلَّهِ ٱلَّذِي خَلَقَهُنَّ إِن كُنتُمْ إِيَّاهُ تَعْبُدُونَ.

Jama'ah Sholat Gerhono Rembulan Rohimakumulloh,

Wonten ing kesempatan ingkang mulyo puniko, lumantar mimbar khutbah puniko, kulo wasiat dateng awak kulo piyambak lan dateng poro jama'ah sedoyo. Monggo kito terus menerus ningkataken kuwalitas keimanan lan ketaqwaan kito dateng Alloh SWT kanthi nindakaken sedoyo perintah-perintahipun lan nebihi sedoyo awisanipun.

Jama'ah Sholat Gerhono Rembulan Rohimakumulloh,

Saben-saben tiyang ing antawis kito, kedah mengimani bilih sedoyo kawontenan alam dunyo puniko dipun tetahaken Alloh SWT. Gunung, laut, suket-suket, kewan-kewan, angin, barang-barang langit, jin, manungso, hinggo sedoyo lembut-lembutipun organ lan sel-sel mboten luput saking panguaosipun lan

pangaturanipun Alloh SWT. Mboten wonten setunggal makhluq ingkang lepas saking Sunnatulloh. Punikolah makna Alloh minongko *Robbul "alamin*, ingkang miliki soho ingkang nguasani saking sedoyo kawontenan, *Al Kholiqu Kulla Syai',* nitahaken sedoyo perkawis.

Alloh nitahaken sedoyo nopo kemawon, mboten sanes minongko dados tondo utawi ayat kawentenanipun. Wonten ing khazanah Islam lazim kito mireng istilah ayat *qouliyah* lan ayat *kauniyyah.* Ingkang awwal merujuk dateng ayat-ayat arupi firman Alloh (Al Qur'an), ingkang nomer kalih mengacu dateng ayat arupi titah kanthi umum, milai saking semesta barang-barang langit ngantos manungso.
Wonten ing Al Qur'an dipun jelasaken :

سَنُرِيهِمْ آيَاتِنَا فِي الآفَاقِ وَفِي أَنْفُسِهِمْ

"ingsun bakal nuntunake marang dheweke ayat-ayat ingsung kang ono ing sak lumahing bumi lan kang ono ing awake dhewe..." (QS. Fushshilat : 53).

Jama'ah Sholat Gerhono Rohimakumulloh,

Tondo (ayat) tetep dados tondo, artosipun dados perantara kangge hasil ipun punopo ingkang dipun sejo. Kito saget mangertosi angin bertiup ngaler saat kito ningali godong-godong ketingal gerak ngaler. Kito mangertosi saking tebih nembe wonten kebakaran saat kito ningali wonten asap ingkang kathah. Ing konteks meniko, wontenipun godong ingkang gerak lan asap kathah namung perantara kangge tiyang ingkang ningali kawentenan menopo ingkang wonten ing sak walikipun, yakni angin lan geni.

Wonten ing skala ingkang langkung ageng malih lan langkung hakiki, kawentenan pergerakan benda-benda langit ingkang tertib, agung, lan gumunaken inggih puniko tondo wontenipun Dzat kanthi kekuasaan ingkang mboten mungkin dipun tandingi dening nopo kemawon lan sinten kemawon, inggi Alloh SWT.

Ing antawis kathahipun hikmah saking gerhono rembulan lan serngenge inggih puniko, nopo ingkang dipun nukil saking Syaikh Ahmad At-Thobary ing

ndalem kitab ipn *Ghoyatul Ahkam* saking sedoyo ‘ulama. Bilih ing antawisipun faidah wontenipun gerhono serngenge lan rembulan inggih puniko :

1. Serngenge lan rembulan puniko salah setunggalipun makhluq Alloh ingkang ageng nanging tunduk wonten ngarsanipun Alloh SWT.
2. Kanthi kawentenan gerhono badhe wonten perubahan iklim lan kawentenan sak sampunipun.
3. Pepenget dateng manah ingkang sembrono lan supe dateng pengeran, sehinggo dados sadar lan nindakaken kewajibanipun dados kawulonipun Alloh SWT.
4. Dados pelajaran kangge sedoyo manungso kawentenan menopo ing dinten qiyamat sak mangke, sehinggo tambah anggenipun nyiapaken awak kangge ngadepi dinten kepanggih kaliyan Alloh SWT.
5. Dados pepenget bilih manungso kedah tansah Al Khouf (ajrih) lan Ar Roja’ (ngarep-arep ganjaranipun Alloh), kados rembulan peteng sak sampunipun normal, lajeng dados normal malih.
6. Ugi kadang tiyang ingkang mboten ngelampahi doso badhe angsal labet ipun musibah, kados pundi kaliyan ingkang tansah nindaaken doso, milo monggo dipun mareni.
7. Kakum muslimin ingkang ktah nindakaken sholat tanpo wonten perasaan ajrih, kanthi wontenipun sholat gerhono kaliyan kawontenan kuwatir saking gerhono meniko, ndadosaken pangadatan ingkang sae kangge tansah nindakaken sholat gangsal wekdal ing masjid kanthi kebak raos ajrih menawi mboten dipun tampi sholatipun.

Jama’ah Sholat Gerhono Rohimakumulloh,

Asring kito mireng anjuran kangge ngucapaken *“Subhanalloh”* (Moho Suci Alloh) naliko kito ningali perkawis ingkang gumunaken, saestunipun puniko manifestasi saking ajaran bilih sedoyo perkawis ingkang menakjubkan kedah dipun wangsulaken dateng keagungan lan kekuasaanipun Alloh SWT. Kito dipun

anjuraken iling dateng Alloh lan nyuciaken saking godaan keindahan lan sanes-sanesipun. Malah-malah, Alloh piyambak ingkang dawuhaken bilih sedoyo ing langit lan ing bumi puniko bertasbih tanpo kandek minongko bentuk tunduk dateng Alloh SWT.

Wonten surat Al-Isro' ayat 44 dipun sebataken :

تُسَبِّحُ لَهُ ٱلسَّمَٰوَٰتُ ٱلسَّبۡعُ وَٱلۡأَرۡضُ وَمَن فِيهِنَّۚ وَإِنۡ مِّنۡ شَيۡءٍ إِلَّا يُسَبِّحُ بِحَمۡدِهِۦ وَلَٰكِن لَّا تَفۡقَهُونَ تَسۡبِيحَهُمۡۚ إِنَّهُۥ كَانَ حَلِيمًا غَفُورٗا

"Langit pitu lan bumi lan sak isine kabeh podho Moho suciake marang panjenengane Alloh. Ora ono barang dumadi kabeh sak liyane podo nyuciake lan muji marang Pengerane kelawan tembunge dhewe-dhewe, ananging siro ora podho ngerti anggone podho Moho nyuciake. Sak temene Pengeran iku kang Moho Asih tur kang Moho Pangapuro."

Jama'ah Sholat Gerhono Rohimakumulloh,

Sal lajengipun, nopo labetipun sak sampunipun kito ngimani, nyuciaken sarto ngagungaken dateng Alloh SWT? Mboten sanes inggih puniko kito sagen instropeksi, bilih kito meniko lemah lan asor wonten ing ngarsanipun Alloh SWT. Artosipun, ningkat ipun ngagungaken dateng Alloh sebanding kaliyan nurunipun sikap takabur, angkuh. Ingkang dipun iling-iling inggih puniko mboten mampunipun awak kito, sehinggo munculaken sikap ngeraos bersalah lan semangat anggenipun ngathah-ngathahaken istighfar.

Wonten ing peristiwa gerhono rembulan puniko kito ugi dipun anjuraken nyujud-aken sedoyo kabanggaan lan keagungan sak lintunipun Alloh SWT. Sebab hakikat ipun sedoyo puniko namung tondo.

وَمِنْ آيَاتِهِ اللَّيْلُ وَالنَّهَارُ وَالشَّمْسُ وَالْقَمَرُ لَا تَسْجُدُوا لِلشَّمْسِ وَلَا لِلْقَمَرِ وَاسْجُدُوا لِلَّهِ الَّذِي خَلَقَهُنَّ إِنْ كُنْتُمْ إِيَّاهُ تَعْبُدُونَ

“Rino lan wengi opo dene serngenge lan rembulan iku kalebu ayat tondo-tondo panguasane Alloh. Siro ojo podo sujud marang serngenge lan rembulan, nanging podho sujud o ing Alloh kang gawe serngenge lan rembulan, menowo siro mligi nyembah marang Panjenengane dhewe.” (QS. Fushshilat : 37).

Ing ndalem tataran praktis, wonten ingkang memaknai perintah sujud ing ayat puniko minongko perintah nindakaken sholar gerhono kados ingkang kito tindakaken. Gerhono rembulan ugi dados wahana kangge ngathah-ngathahaken nyuwun pangapunten, tobat, wangsul dateng Alloh minongko muasal lan muaranipun sedoyo kawontenan.

Jama’ah Sholar Gerhono Rohimakumulloh,

Mugi-mugi kanthi wontenipun gerhono rembulan, saget ningkataken nyaket kito dateng Alloh SWT, saget bombong manah kito ikhlas mbantu sesami, sarti njagi dateng kito tansah ramah dateng alam sekitar kito. Wallohu a’lam.

أَعُوذُ بِاللهِ مِنَ الشَّيْطَانِ الرَّجِيْمِ بِسْمِ ٱللَّهِ ٱلرَّحْمَٰنِ ٱلرَّحِيمِ. وَمِنْ آيَاتِهِ اللَّيْلُ وَالنَّهَارُ وَالشَّمْسُ وَالْقَمَرُ لَا تَسْجُدُوا لِلشَّمْسِ وَلَا لِلْقَمَرِ وَاسْجُدُوا لِلهِ الَّذِي خَلَقَهُنَّ إِنْ كُنْتُمْ إِيَّاهُ تَعْبُدُونَ.

بَارَكَ اللهُ لِي وَلَكُمْ فِى ٱلْقُرْآنِ ٱلعَظِيْمِ، وَنَفَعَنِي وَإِيَّاكُمْ بِمَافِيْهِ مِنَ الْآيَاتِ وَالذِّكْرِ الْحَكِيْمِ وَتَقَبَّلَ اللهُ مِنَّا وَمِنْكُمْ تِلاَوَتَهُ إِنَّهُ هُوَ السَّمِيْعُ العَلِيْمُ، وَأَقُوْلُ قَوْلِي هَذَا فَأَسْتَغْفِرُ اللهَ العَظِيْمَ إِنَّهُ هُوَ الغَفُوْرُ الرَّحِيْم .